# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДАҒЫ ТӘБИЙИЙ РЕКРЕАЦИЯЛЫҚ ТУРИЗМ ЗОНАЛАРЫ

## (ҚАРАҚАЛПАҚСТАН КӨЛЛЕРИ МЫСАЛЫНДА)

**Отенов Нариман Турдымуратович**
*Әжинияз атындағы НМПИ Нөкис қаласы*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15169424

Рекреация ресурслары — бул инсанның руўхый ҳәм физикалық күшлерин, оның мийнет искерлигин қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўға үлес қосатуғын тәбийий-техникалық, тәбийий, социал-экономикалық комплекслер ҳәм олардың элементлери топламы. Дем-алыў мүтәжликлери ҳәм техникалық-экономикалық мүмкиншиликлердиң заманагөй ҳәм перспективалы дүзилиси менен олар туўрыдан-туўры ҳәм тиккелей болмаған тутыныў ҳәм курорт ҳәм саяхатшылық хызметлерин көрсетиў ушын қолланылады [1]. Рекреацион ресурслар – бул дем алыў, туризм ҳәм емлениў ушын пайдаланыў мүмкин болған тәбийий ҳәм антропоген объектлер болып есапланады.

Қарақалпақстан Республикасында бир қанша тәбийий рекреацион зоналар бар болып, олардың ең тийкарғылары аймағымыздағы тәбийий көллер мысалындағы туризм объектлерин көрип өтемиз.

Елликала районында Ақшакөл рекреациялық орны ҳәзирги ўақытта туристлердиң ең көп баратуғын жери болып саналады. Ақшакөл көли Қарақалпақстанның ең қызықлы ҳәм сырлы объекти болып, оның не ушын Ақшакөл деп аталыўы себебин Шыңгысхан ҳаққындағы аңызға байланыстырады. Шыңғысханның дәўиринде оның әскерлери көп алтын-ғәзийнелерди қолға киргизеди, бирақ олар усыншама көп байлықларды өзлери менен бирге алып кете алмайды, соның ушын қолындағы ғәзийнени усы көлге ығызып батырып жиберген. Соның ушын халық бул көлди ақшалы көл деп атап кеткен дейди. Бул көл бойында ҳәзирги ўақытта «Бостан туризм» комплекси ислеп турыпты. Комплекс жазғы саяхатшылық мәўсими ушын арналған болып, саяхатшылар ушын барлық шараятлар жаратылған. Қарақалпақтың қара үйлери бой тиклеп турыпты.

Усындай көллердиң орнына барып дем-алатуғын жерлер ҳәзир Қарақалпақстанда санаўлы болып қалған. Себеби суўсызлық себебинен көплеген көллер қурып қалмақта.

Және усындай көллердиң бири Тахтакөпир районындағы Қаратерең көли. Қаратерең көли балық аўлаў ҳәм шарўашылық ушын қолайлы, соның менен бирге, дем алыў ушын пайызлы орынлардың бири болып табылады. Қаратерең

– ени 5-6 км, узынлығы 26 км ге шекем созылған көл. Бөршитаўдың төбесинен қарағанда түби қап-қара, терең болып көрингени ушын «Қаратерең» деп аталып кеткен. 2018-жылдан баслап көл бойында қараүйлер тигилип, жергиликли халық ҳәм туристлердиң дем алыўы ушын қолайлы шараятлар жаратылмақта. 2024-жыл 17-октябрьде Қаратерең бойында бойында жаңадан қурылған, ҳеш жерде уқсасы жоқ миллий колориттеги «Қаратерең» этно-туристлик комплекси иске түсти [2].

Мойнақ районында жайласқан Судочье көллери системасы майданы – 333 км² (2006 жыл мағлыўматы бойынша), теңиз қәддинен 53 м бәлентликте жайласқан. Көл бойында бир ўақытлары рус казаклары жасаған Үрге балықшылық посёлкасы болған. Посёлкада балық комбинаты ислеп турған. Жергиликли халық көлди суўы душшы деп айтқанлықтан, буны руслар Судочье деп атап, соннан Судочье көли аталып кеткен. Бул посёлка Қарақалпақстандағы руслардың ең биринши қоныс басқан орны болып есапланады. 1960 жыллары усы қоныс орнында 6000 ға шамалас адам жасаған. Арал теңизиниң қайтыўы менен, көлдиң де суўы кемейип адамлар бул жерлерди таслап көшип кете баслаған. Бул жердиң ең соңғы турғыны 1971 жылы бул жерлерди тәрк еткен. Ҳәзирги ўақытта бул Үрге посёлкасы туристлик зонаға айландырылған. Туристлер ушын еки Қара үй тигилген. Туристлер көбинесе бул жерде суўда жасаўшы қуслардың миграциясы ўақтында келип көриўге қызығады. Бул жерде Өзбекистан Республикасының Қызыл китабына кирген 40 түрдеги қуслардың 30 түри, Тәбиятты қорғаў Халықаралық шөлкеминиң «Жоқ болып кетиў қәўипи астындағы түрлериниң Қызыл дизими»не киритилген 24 түрдеги қуслардың 18 түри жасайды. 2023 жылы Судочье көли халықаралық әҳмийетке ийе болған Рамсар суў-батпақ жерлер дизимине киритилди. Усындай туристлик әҳмийетке ийе жерге келип кетиў, жоллардың насазлығы себепли қыйыншылық туўдырмақта.

Буған және Сарықамыс көлинде мысал етип көрсетсек болады.

Сарықамыс көли Туран ойпатында, Сарықамыс ойпатының орайлық бөлегинде, Қарақум шөлиниң арқасында жайласқан. Көлдиң арқа тәрепиндеги ең терең жерлери (1 000 километр квадрат) Қарақалпақстанда, орайлық ҳәм қубла тәрепи (3 000 километ квадрат) – Туркменистанда жайласқан. 1963 жылы Әмиўдәрьяның бурынғы саласы бойынша коллектор-дренаж суўларының Сарықамыс ойпатлағына ағызылыўы нәтийжесинде пайда болған көл. Көлдиң узындығы 100–120 км, ени 30–40 км, көл қубладан арқа-шығысқа қарай созылған, орташа тереңлиги 8,2 м тең. Көлде балықтың 17 түри аўланады. Сарықамыс көлинде ақ аққуўлар, қызыл және буйра бирқазанлар, үйрек ҳәм ғазлар уя қурып жасайды. Кейинги ўақытлары фламинго қуслары да мәкән

басқан. Бул жерде экологиялық туризмди раўажландырыў ҳаққында көплеген пикирлер айтылған ҳәм де ара-арасында шет еллик туристлерде келип кетпекте. Бирақ бул көл Нөкистен ең узақ аралықта жайласқанлығы ҳәм де оған апаратуғын жоллардың насазлығы себепли туризмди раўажландырыўдағы тийкарғы машқалалардың бирине айланған.

Бозатаў районы аймағында жайласқан Даўыткөл көли тийкарғы рекреациялық зоналардың бири болып, бул жерде фламинго, ақ қуў, үйрек ҳәм ғазлар көп ушырасады. Бирақ кейинги ўақытта көлге суўдың кем түсиўи нәтийжесинде суўсызлық машқаласы келип шықпақта.

Жуўмақлап айтқанда рекреациялық ресурслар, ҳәр қандай басқа түрдеги ресурслар сыяқлы, ақылға сай пайдаланыўды талап етеди. Туризмниң тәбийий орталыққа тәсири улыўма унамлы, себеби ол қымбатлы тәбийий ландшафтларды, тарийхый ҳәм архитектуралық естеликлерди сақлап қалыўға мүмкиншилик береди.

Туризмди раўажландырыў нәтийжесинде алынған қәрежетлер көллерди сақлап қалыўға жумсалып, оларды сақлап қалыўға жәрдем береди.

**Пайдаланылған дереклер**

1. Туристский терминологический словарь: Справочно-методическое пособие / Авт.-сост. И.В. Зорин, В.А. Квартальнов. М.: Советский спорт, 1999.
2. Eshimbetov U. et al. Territorial composition of agriculture in the Aral Sea Region of Uzbekistan //E3S Web of Conferences. – EDP Sciences, 2024. – Т. 510. – С. 01040.
3. Раджапов М. Я., Умаров Е. К., Искендеров А. Б. Қорақалпоғистон худудининг географик ўрганилиш тарихи //Ўзбекистон география жамияти ахбороти. – Т. 22. – С. 74-76.
4. Radjapov M. et al. Qoraqalpogiston hududining tabiati va tabiiy boyliklarining geografik organilish tarixi //in Library. – 2021. – Т. 21. – №. 4. – С. 56-57.
5. Умаров, Е. К., Искендеров, А. Б., Раджапов, М. Я., & Айтуганова, А. К. Қорақалпоғистон Республикаси халқ хўжалигини ҳудудий такомиллаштириш муаммолари. *Ўзбекистон География жамияти ахбороти*, *22*, 57-59.
6. Қарақалпақстан хабар агентлиги.
7. Интернет материаллары.